

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta kagiatan ilmiah anu geus direncanakeun, miboga struktur, disusun sacara sistematis jeung miboga tujuan anu tangtu boh praktis boh tioritis. Disebut salaku “kagiatan ilmiah” sabab dina panalungtikanna kalayan aspék élmu pangaweruh jeung tiori. Geus direncanakeun atawa “*terencana*” sabab panalungtikan kudu merhatikeun waktu, dana jeung aksebilitas tempat sarta datana.

Unggal panalungtikan tangtu kudu maké pamarekan anu jelas sangkan hasilna ogé jelas. Ku kituna, dina ieu panalungtikan ngeunaan struktur jeung ajén atikan karakter dina novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar téh baris ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2016, kc. 22) pamarekan kualitatif mangrupa pamarekan nu digunakeun pikeun nyangking data panalungtikan dina wangun kekecapan lisan atawa tinulis ku cara neuleuman jeung maham kana éta kekecapan. Singgetna, pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu unggal léngkah-léngkahna disusun sacara sistematis sangkan bisa nafsirkeun data dina wangun déskriptif.

Arikunto (1983, kc.3) nétélakeun yén méthode déskriptif mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal séjénna, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur (téma, fakta, carita, jeung sarana sastra) jeung ajén atikan karakterna. Anapon pikeun nalungtik karya sastra nurutkeun Abrams nyaéta aya opat pamarekan di antarana éksprésif, objéktif, mimétik, jeung pragmatik. Ari dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun pamarekan objéktif alatan sagemblengna sumber tina novél *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar wungkul.


Ieu di handap baris dipedar désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.


3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan anu digunakeun salaku pedoman dina ngalaksanakeun prosés panalungtikan. Saluyu jeung pamadegan nurutkeun Arikunto (2016, kc. 90) desain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun. Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun méré gambaran anu jelas jeung “*terstruktur*” ka panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana.

Ieu di handap baris digambarkeun rarancang désain panalungtikan anu dijieun ku panalungtik:

Bagan 1.2





3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hal penting pikeun ngahontal tujuan. Dina ieu penalungtikan baris ngagunakeun téhnik studi pustaka pikeun nyangking sagala fakta nu nyampak dina objék novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar.

Anapon aya sababaraha léngkah pikeun ngumpulkeun datana, nyaéta:

- 1) ngumpulkeun référénsi nu aya patalina jeung objék panalungtikan sarta bahan pangajaran saperti buku, jurnal, artikel, jeung karya tulis séjénna nu ngarojong;
- 2) nangtukeun sumber data, tangtuna nyaéta novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar;
- 3) maca sagemblengna sumber data novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar sangkan kapaluruh sakabéh faktana;
- 4) nyirian bagéan-bagéan mana waé anu nuduhkeun struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), jeung ajén atikan karakter.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data nu diperlukeun pikeun ngarojong kahontalna tujuan ieu panalungtikan dikumpulkeun, perlu ayana léngkah séjén nyaéta téhnik analisis pikeun ngolah data. Anu dianalisis téh tangtu waé tina segi struktur jeung ajén atikan karakter ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data kalawan gemet.

Anapon léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana nyaéta:

- (1) nilik jeung niténan deui data nu geus dikumpulkeun saméméhna;
- (2) maca sagemblengna novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar;

Asti Oktaviani, 2023

STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN KARAKTER DINA NOVEL PAMANAH RASA KARYA YOSEPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (3) nyieun papasingan data pikeun ngamudahkeun dina analisisna;
- (4) ngadéskripsikeun struktur carita (téma, fakt carita, jeung sarana sastra) jeung ajén atikan karakter nu nyampak dina novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar;
- (5) ngaidéntifikasi bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI;
- (6) nyindekkeun hasil analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.203) instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalawan hasil nu lengkep tur sistematis.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instumén panalungtikan anu digunakeun pikeun nganalisis data struktur jeung ajén atikan karakter dina novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data. Tabél data nu digunakeun bisa ditilik saperti kieu.

Tabél Data Struktural

Tabél 3. 1

Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode Data
			PR/Kc/Pd

Tabél 3. 2

Fakta Carita

No.	Fakta Carita	Cutatan	Kode Data
			PR/Kc/Pd

Asti Oktaviani, 2023

STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN KARAKTER DINA NOVEL PAMANAH RASA KARYA YOSEPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

--	--	--	--

Tabel 3. 3

Sarana Sastra

No.	Sarana Sastra	Cutatan	Kode Data
			PR/Kc/Pd

Tabel 3. 4

Kartu Data Ajén Atikan Karakter

No.	Sikep	Cutatan	Kode Data	Ajén Atikan Karakter																	
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18

Katerangan:

1= Religius

2= Jujur

3= Toleransi

4= Disiplin

5= Kerja Keras

6= Kreatif

7= Mandiri

8= Demokratis

9= Rasa ingin tahu

Asti Oktaviani, 2023

STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN KARAKTER DINA NOVEL PAMANAH RASA KARYA YOSEPH ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

10= Semangat kebangsaan

11= Cinta tanah air

12= Menghargai prestasi

13= Bersahabat/komunikatif

14= Cinta damai

15= Gemar membaca

16= Peduli lingkungan

17= Peduli sosial

18= Tanggung jawab

PR = *Pamanah Rasa*

Kc = Kaca

Pd =

Pada

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Kartu data mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun ngolah data nu geus kapaluruh dina novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar. Kartu data nu baris digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditilik saperti kieu.

Kartu Data Analisis Struktural

Tabél 3. 5

Kartu Data Téma

Kode data :
Téma :
Cutatan :
Analisis :

Tabél 3. 6

Kartu Data Fakta Carita

Kode data :
Fakta Carita :
Cutatan :
Analisis :

Tabél 3. 7


Kartu Data Sarana Sastra

Kode data :
Sarana Sastra :
Cutatan :
Analisis :

3.5 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa hal nu kawilang pentingna dina unggal panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data mangrupa subjek pikeun nyangking sakabéh data anu diperlukeun dina panalungtikan. Anapon sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Pamanah Rasa* karya Yoséph Iskandar, sedengkeun datana nyaéta sakabéh eusi anu némbongkeun struktur carita jeung ajén atikan karakter.

3.5.1 Idéntitas Novél



Gambar 3. 1

Buku Novel *Pamanah Rasa*

Judul	: <i>Pamanah Rasa</i>
Pangarang	: Yoséph Iskandar
Taun medal	: Citakan 1, Ramadhan 1433 H./Juli 2012 (Edisi Kiblat Buku Utama)
Kandel buku	: 99
Warna jilid	: Biru
Sinopsis	: Nyaritakeun lalampahan Pamanah Rasa jeung opat Adina anu keur diwarah ku Aki jeung Bapana sangkan ngambeu

kana hirup kumbuh kanagaraan, tapis dina élmuning kaprajuritan, élmuning katatanagaraan, jeung élmu rasa nu aya patalina jeung kapanditaan. Pamanah Rasa jeung opat Adina diwarah di leuweung salila lima taun nepi ka jadi lima sinatria nu dedeg sampé rupa hadé, beresih ati jembar na panalar, jadi calon pamingpin pikeun rahayatna.

3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Yoséph Iskandar atawa biasa disebut Kang Yoséph lahir di Purwakarta, 11 Januari 1953. Dipikawanoh salaku saurang budayawan, seniman sakaligus sastrawan. Disebut sastrawan sabab loba méré *kontribusi* dina tulisan-tulisan sastra hususna sastra Sunda saperti ngarang sajak, nulis carpon, drama, roman, jeung novel, tapi, salian ti saurang budayawan, seniman jeung sastrawan, Yoséph Iskandar dipikawanoh salaku saurang sajarawan ogé, sabab loba nulis buku ngeunaan sajarah anu ditulis dumasar hasil panalungtikan.

Harita kahirupan Yoséph Iskandar henteu jauh jeung kalangan masarakat umumna. Ti SD nepi ka lulus SMA Yoséph can mikawanoh ngeunaan kasusastraan Sunda, tuluy Yoséph asup ka ATPU (Akademi Teknik Pekerjaan Umum) di Bandung. Ngan katempona leuwih kataji kana kagiatan kasenian mahasiswa batan kuliahna; di antarana Yoséph kungsi mingpin “Teater Khas” (1997-1981), tuluy jadi salah saurang rédaktur *Manglé*. Nya waktu harita minatna kana sajarah Sunda téh mimiti kahudangkeun. Yoséph mimiti diajar maca jeung neuleuman naskah-naskah Wangsakerta ka suwargina Saléh Danasasmita. Hasilna, réa artikel nu ditulis ku anjeunna dimuat di *Manglé*. Saterusna éta tulisan jadi modal keur ngarang novel-novel sajarahna, kayaning:

1. *Perang Bubat* (1988);
2. *Wastu Kancana* (1989);
3. *Prabu Wangisutah* (1991)
4. *Pamanah Rasa* (1991);

5. *Putri Subang Larang* (1991);
6. *Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana* (1991) nu dilélér Hadiah Sastra Rancagé (1992);
7. *Prabu Anom Jayadéwata* (1996);
8. *Tri Tangtu di Bumi* (1996).

Dina taun 1991 anjeunna meunang Hadiah Sastra LBSS, novel sajarahna *Tri Tangtu di Bumi* (1996) meunang Hadiah Sastra Rancagé 1997, buku kumpulan carpon *Jajatén Ninggang Papastén* meunang *penghargaan* dina taun 1989, jeung buku kumpulan carpon *Halimun Peuting* meunang *penghargaan* dina taun 1990.